

17

janvyè

Pa gen anyen ki pou fè yo pè nan fènwa a.

Jòb 24. 17

Jezi detwi lanmò. Epi grasa levanjil la, li fè limyè klere sou lavi ak imòtalite. 2 Timote 1. 10

E apre ?

Nan anpil peyi, lavi moun vin pi long nan dènye deseni sa yo, epoutan anpil danje ak maladi ap menase lavi lèzòm. Malgre tout prekosyon ak bonjan swen sante, nou pa kapab evite lanmò. Nou gen yon tan pou nou viv, sèlman yon tan. E apre ? Jodi oubyen demen, lanmò vin yon sijè ki bay enkyetid ak lapenn. Lè sa a, gen moun ki pase l nan betiz, oubyen k ap bay tèt yo kouraj pandan yo chita sou kèk lide san sans : reyenkanasyon, pigatwa, anyen, paradi pou tout moun...

Kisa Bib la di ? Langaj Bib la klè : “Bondye mete pou lèzòm mouri yon sèl fwa, epi, apres, se jijman” (Ebre 9. 27). Li di nou tou kòman pou nou chape anba jijman Bondye : “Yon moun ki tandè pawòl mwen an (*Jezi*) epi ki kwè nan moun ki voye m nan (*Bondye*) li gen lavi etènèl. Epitou li pa prale nan jijman. Okontrè li soti nan lanmò ale nan lavi” (Jan 5. 24). Lavi sa a, lavi etènèl, pèmèt mwen jwi benediksyon nan prezans Bondye, depi kounye a e pou tout tan. “Bondye te voye sèl pitit li a nan lemond pou nou ka viv nan li” (1 Jan 4. 9).

Pou kretyen ki gen lavi sa paske li te aksepte lavi etènèl grenmesi Jezi Kris, lanmò pa yon sijè k ap fè moun pè ankò, men yon lènmi ki pèdi batay. Grasa lanmò li an, Jezi te “detwi sila a ki kenbe fòs lanmò a, sa vle di djab la” ; Li te delivre “moun yo te soumèt anba lesklavaj tout lavi yo, poutèt yo te pè lanmò” (Ebre 2. 14, 15).

17

janvier

Ils connaissent les terreurs de l'ombre de la mort.

Job 24. 17

Jésus Christ... a annulé la mort et a fait luire la vie et l'incorruptibilité par l'évangile. 2 Timothée 1. 10

Et après ?

Dans de nombreux pays, l'espérance de vie a augmenté ces dernières décennies, et pourtant la vie humaine est menacée par de multiples dangers et maladies. Malgré les précautions et les soins les meilleurs, la mort est inéluctable. Nous avons un temps à vivre, un temps seulement. Et après ? La mort devient tôt ou tard un sujet d'inquiétude ou d'angoisse. Certains alors la tournent en dérision, ou se rassurent en s'appuyant sur des idées sans fondement : la réincarnation, le purgatoire, le néant, le paradis pour tous...

Que dit la Bible ? Son langage est clair : "Il est réservé aux hommes de mourir une fois – et après cela le jugement" (Hébreux 9. 27). Elle nous révèle aussi comment échapper à ce jugement de Dieu : "Celui qui entend ma parole (*dit Jésus*), et qui croit celui qui m'a envoyé (*Dieu*), a la vie éternelle et ne vient pas en jugement ; mais il est passé de la mort à la vie" (Jean 5. 24). Cette vie, la vie éternelle, me permet de connaître le bonheur dans la présence de Dieu, dès maintenant et pour toujours. "Dieu a envoyé son Fils unique dans le monde, afin que nous vivions par lui" (1 Jean 4. 9).

Pour le croyant qui possède cette vie parce qu'il a accepté le salut par Jésus Christ, la mort n'est plus un sujet effrayant, mais un ennemi vaincu. Par sa mort, Jésus a rendu "impuissant celui qui avait le pouvoir de la mort, c'est-à-dire le diable" ; il a délivré "ceux qui, par la crainte de la mort, étaient, pendant toute leur vie, tenus en esclavage" (Hébreux 2. 14, 15).